



## ÒDONANS DIJANS NIMEWO 6 KONTE PALM BEACH COVID-19 PLAJ YO

**KONSIDERAN**, nan dat 1ye mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-51 ki mande Depatman Sante Florid la pou pibliye yon Ijans Sante Piblik; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.35(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la, ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 17 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-68 ki, ansanm ak restriksyon pou ba ak restoran yo, epi dapre seksyon 252.36(5)(k), Lwa Florid yo, te mande pati k ap aksede ak plaj publik yo nan Eta Florid pou swiv oryantasyon CDC nan limite rasanbleman yo ak 10 moun pou pi plis, kenbe distans 6 pye ak lòt yo epi sipòte fèmti plaj yo tou depann de desizyon otorite lokal yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, apre konsiltasyon avèk otorite yo nan Konte Broward ak Konte Palm Beach, tou de te mande aplikasyon rekòmandasyon Sant Prevansyon ak Kontwòl Maladi (CDC) nan Etazini, Dekrè Egzekitif 20-70 ki te pibliye, ansanm ak restriksyon sèvis sou plas pou restoran, ba, tavèn, ba populè, bwat de nwi, sal bankè, salon köktèl, kabarè, brasri, kafeterya ak nenpòt lòt biznis ki sèvi alkòl ak/oswa manje ki gen plas pou plis pase dis (10) moun, te fèmen tout sal sinema, sal konsè, oditoryòm, teyat, sal bolin, sal jwèt (akad), sal espò, estidyo pou kondisyon fizik ak plaj; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 20 mas 2020, dapre Dekrè Egzekitif 20-70, Gouvènè Ron DeSantis te mande Administratè Konte Broward ak Administratè Konte Palm Beach pou gen kapasite pou ranfòse, relache, modifie oswa retire fèmti sa yo, jan sa nesesè, dapre direktiv ak paramèt ki etabli nan Dekrè Egzekitif 20-68 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 31 mas 2020, Gouvènè DeSantis te siyen Dekrè Egzekitif 20-90 ki pwolonje fèmti plaj yo nan Konte Broward ak Konte Palm Beach pandan li re-afime otorite Administratè Konte Broward la ak Administratè Konte Palm Beach la pou ranfòse, relache, modife oswa retire fèmti plaj sa yo, jan sa nesesè, dapre direktiv ak paramèt ki etabli nan Dekrè Egzekitif 20-68; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 1ye avril 2020, Gouvènè Ron DeSantis te siyen Dekrè Egzekitif 20-91 ki te souliyen ke patisipe nan aktivite rekreyatif (ki konfòm ak distans sosyal) tankou mach, siklis, randone, lapèch, kous oswa natasyon kòm aktivite enpòtan pou rezidan nou yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Ron DeSantis te nonmen Gwoup Travay pou Re-ouvèti Florid, ki gen responsabilite pou prepare yon plan pou re-ouvèti eta a san danje; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 16 avril 2020, Prezidan Donald J. Trump te pibliye Direktiv Mezon Blanch pou Ouvri Etazini Ankò, yon apwòch sou twa faz ki baze sou konsèy ekspè sante piblik, pou ede responsab eta ak lokal yo lè y ap re-ouvri ekonomi yo, pou pèmèt moun tounen travay ak kontinye pwoteje lavi Ameriken yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 29 avril 2020, Gouvènè Ron Desantis te siyen yon Dekrè Egzekitif 20-112, yon Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te adopte kèk rekòmandasyon Gwoup Travay pou Re-ouvèti Florid la pou re-ouvri Eta a san danje ak yon fason estratejik; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 29 avril 2020, epi dapre Dekrè Egzekitif 20-112, Gouvènè Ron DeSantis te mande alokasyon pou sèvis ak aktivite yo nan Konte Miami-Dade, Broward ak Palm Beach pou biznis ki abòde dirèkteman ladan, ak sèvis biznis ke Dekrè Egzekitif anvan yo afekte pral konsidere nan konsiltasyon avèk lidèchip lokal Konte sa yo: epi

**KONSIDERAN**, nan reyinyon nan dat 5 me 2020 Konsèy Manm Komisyón Konte Palm Beach lan, pèsonèl la te jwenn enstriksyon pou prepare yon Òdonans Dijans ki otorize re-ouvèti plaj yo nan Konte Palm Beach; epi

**KONSIDERAN**, nan menm reyinyon an, Konsèy Manm Komisyón Konte Palm Beach lan te mande pou voye yon lèt bay Gouvènè Ron DeSantis ki mande pou ajoute Konte Palm Beach nan Faz 1 Dekrè Egzekitif 20-112; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 9 me 2020, Gouvènè Ron DeSantis te siyen Dekrè Egzekitif 20-120 ki, anplis li pèmèt sèvis nan salon kwafè ak salon espesyalize nan kosmetoloji, avèk mezi prekosyon, epi te pwolonje Dekrè Egzekitif 20-112 ak mande pou restriksyon nan Seksyon 2(A)(2) Dekrè Egzekitif 20-112 la pa aplike ankò pou Konte Palm Beach; epi

**KONSIDERAN**, nan revizyon done Depatman Sante ki gen rapò ak endikatè espesifik yo ki te itilize pou mezire pwopagasyon COVID-19 la, nou te detèmine ke endikatè kle nou yo sijere epi ka otorize kèk aktivite rekreyatif ki gen distans sosyal ak etablisman ki gen rapò gendwa reprann operasyon dapre direktiv CDC ak Konte a; epi

**KONSIDERAN**, nan enterè byennèt fizik ak byennèt mantal, mach, kous, randone, navigasyon bato ak lapèch, yo se aktivite rekreyatif enpòtan pou rezidan Konte Palm Beach; epi

**KONSIDERAN**, nan kolaborasyon avèk pwofesyonèl sante, jesyon dijans, minisipalite, lapolis, jesyon kou piblik ak prive, Konte Palm Beach vle re-ouvri san danje plaj yo nan Konte Palm Beach pandan n ap pran mezi dirèk pou itilize direktiv pwoteksyon sante ak sekirite pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la nan kominate a;

**KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA** dapre Atik II Kòd Konte Palm Beach, Chapit 9, Seksyon 9-35, ansam ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyón Konte a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, epi jan lalwa mande sa, òdone konsa:

**Seksyon 1.** Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.

**Seksyon 2.** Òdonans Dijans sa a siplémente epi amplis de nenpòt Dekrè Egzekitif adisyonèl ke Prezidan Etazini an oswa Gouvènè DeSantis ta ka pibliye ki ka aplikab pou Konte Palm Beach. Tout dispozisyon Òdonans Dijans Konte Palm Beach anvan yo rete anvigè, sof pou nenpòt dispozisyon ki gen konfli avèk Òdonans sa a oswa ki gen konfli ak nenpòt òdonans Prezidan Etazini oswa Gouvènè Eta Florid la.

**Seksyon 3. Aplikabilite.** Òdonans Dijans sa a aplike pou zòn yo ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach men pa gen okenn aplikasyon federal, etatik oswa sou teritwa tribal yo.

**Seksyon 4. Re-ouvèti Plaj yo.** Tout plaj piblik, minisipal ak prive, ki gen ladan tout pak plaj (kolektivman "Plaj"), nan Konte Palm Beach dwe otorize pou re-ouvri apati lè solèy leve rive lè li kouche epi sijè ak kondisyon ki etabli nan Òdonans sa a.

- A. Pati yo ki gen aksè ak plaj yo dwe swiv direktiv CDC yo nan limite rasanbleman yo ak pa plis pase 10 moun ak kenbe distans 6 pye ak lòt pati yo.
- B. Konsesyon plaj yo gen ladan, men pa limite ak, sèvis parapli ak kabàn kapab opere selon direktiv CDC yo ki gen rapò ak distans sosyal ak ijyenizasyon.

C. South Inlet Park Konte a posede ap rete fèmen jiskaske Vil Boca Raton ouvri plaj li yo. Sepandan, Konte a kenbe tout otorite pou aplike òdonans amplis sa a oswa lòt òdonans oswa enstriksyon konsènan South Inlet Parket jan sa awopriye.

**Seksyon 5. Aplikasyon Lalwa.** Cherif Konte Palm Beach lan, lòt ajans pou fè aplike lalwa yo, ki gen ladan ajans minisipal pou fè aplike lalwa ak nenpòt lòt pèsonèl lalwa otorize, ki gen ladan, men pa limite ak, pèsonèl ki dekri nan Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte Palm Beach lan, otorize pou fè aplike Òdonans sa a.

**Seksyon 6. Separabilite.** Nenpòt dispozisyon nan Òdonans Dijans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon Iwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitusyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans Dijans sa a avèk rès Òdonans Dijans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans Dijans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans Dijans sa a.

**Seksyon 7. Dat li Anvigè; Dire.** Òdonans sa a dwe antre anvigè nan 12:01 a.m. nan dat 18 me 2020. Òdonans sa a ap ekspire lè Eta Dijans Lokal aktyèl la fini, menm jan li ka pwolonje atravè yon lòt òdonans oswa deklarasyon amwenske gen yon lòt Òdonans Dijans ki te gentan amande li oswa mete fen ladan.

**KONTE PALM BEACH**

Pa: \_\_\_\_\_ [Siyati]  
Administratè Konte

Dat: 16 me 2020

**ATESTE  
GREFYE AK KONTWOLE**

Pa: \_\_\_\_\_ [Siyati]  
Grefye Adjwen

**APWOUVE SELON  
SIFIZANS JIRIDIK**

Pa: \_\_\_\_\_ [Siyati]  
Pwokirè Konte